

## FAQ # 1

### EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKÒL PIBLIK NEWARK

### PWOSÈ POU RÈGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

#### Kesyon Jeneral

Kisa yon aksyon kolektif ye?

Yon aksyon kolektif se yon pwosè kote yon gwo gwoup moun ki soufri menm kalite enjistis mete tet yo ansanm pou yo pote yon reklamasyon nan tribinal , kote youn oswa plis moun sèvi kòm "nomine" oswa "reprezantan" klas moun aksyon kolektif la. Yon tribinal dwe deside si yon ka kapab kontinye kòm yon aksyon kolektif; e si se konsa, tribinal la dwe "sètifye" klas aksyon kolektif la. Yon moun kapab vin yon "manm klas la" san li pa konnen sa, oswa san li pat' chèche patisipasyon nan aksyon an daprè definisyon klas la ki sètifye pa tribinal la.

Ki non Ka Aksyon Koletif Edikasyon Espesyal Lekòl Piblik Newark ("NPS") la?

Non an se " Aksyon Kolektif M.A.". "M.A." se inisyal non ak siyati youn nan moun ki nome pou pote plent nan. Akize yo se Lekòl Piblik Newark (NPS), Depatman Edikasyon New Jersey a ("Eta a"), ak twa moun t'ap travay nan Depatman Edikasyon New Jersey a.

Eske Aksyon Kolektif M.A. "sètifye" nan Tribunal?

Wi, Aksyon Kolektif M.A. te sètifye nan Tribunal Distrik Etazini pou Distrik New Jersey a le 7 Desanm 2009.

Èske ptit mwen fè pati "manm" gwoup M.A.?

Ptit ou a se yon manm gwoup la si:

- W'ap viv nan Newark;
- Ptit ou an gen ant laj 3 a 21 an;
- Ptit ou a kalifye, oswa ka, kalifye pou sèvis edikasyon espesyal; ak
- Ptit ou a pate, oswa pap', idantifye, sitiye, refere, oubyen evalye pou sèvis edikasyon espesyal nan yon fason apwopriye, oubyen yo pat' bay yo sèvis edikasyon espesyal ki etabli nan premye Pwogram Edikasyon Endividyeòl ptit ou a ("IEP").

\*\* Remak: tout timoun nan Newark ki sou"lis datant" kounye a pou evalyasyon edikasyon espesyal konsidere kòm manm gwoup la.

- Poukisa Aksyon Kolektif M.A. te pote kont NPS ak Eta a?

Newark Lekòl Piblik Newark la pou dèzane echwe nan lokalize, idantifye, refere, oswa evalye timoun ki rezidan Newark ki gen andikap pou sèvis edikasyon espesyal oswa bay sèvis edikasyon espesyal ak timoun sa yo atan.

- Ki dat limit legal ke NPS dwe respekte?

Gen de dat limit edikasyon espesyal - yon dat limit de 20 jou a ak yon dat limit de 90-jou - ke NPS pat' satisfè regilyèman e ke li dwe konfòme li avèk kounye a:

\* 20-jou dat limit: Si paran yon timoun oswa gadyen legal li fè yon demann ekri pou yon evalyasyon pou detèminen elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal, distrik lekòl la dwe fè yon reyinyon nan 20 jou kalandriye pou li kapab detèmine si se yon evalyasyon pou sèvis sa yo nesesè.

\* 90-jou dat limit: Yon timoun key o detèmine kalifye pou sèvis edikasyon espesyal yo dwe kòmanse resevwa sèvis sa yo nan lespas 90 jou apre dat paran a oswa gadyen legal la bay konsantman pou timoun nan evalye pou sèvis edikasyon espesyal.

- Kisa NPS dwe fè pou li "lokalize epi idantifye" timoun ki gen andikap nan Newark?

Tout lekòl distrik New Jersey yo oblige "lokalize" ak "idantifye" timoun ki abite nan distrik la ke yo sispèk gen andikap yo. NPS dwe espesyalman:

\* Angaje yo nan aktivite sensibilizasyon piblik ki gen ladan afiche enfòmasyon ak difize enfòmasyon sou televizyon ak sou entènèt pou yo enfòme paran ak gadyen legal sou egzistans sèvis edikasyon espesyal nan distrik lekòl la;

\* Antrene anplwaye lekòl piblik yo pou yo rekonèt elèv ki bezwen sèvis edikasyon espesyal; ak

\* De fwa pa ane rankontre avèk reprezantan lekòl prive pou asiste yo nan lokalize epi idantifye timoun ki gen andikap.

- Èske pwosè Aksyon Kolektif M.A. a regle?

Wi. Règleman an te fèt 27 janvye 2012.

- Kisa NPS te dakò fè anba Akò Règleman an?

Obligasyon NPS 'anba Akò Règleman an gen ladan yo:

- \* Reyisi 95% konfòmite ak dat limit 20-jou a ak 90-jou a;
- \* Chak ane bay rapò etap ke li te pran pou li lokalize epi idantifye timoun ki rezidan zòn nan ki gen andikap, kòm lalwa mande li;
- \* Bay sèvis de “ratrapaj” ("edikasyon konpansatwa") a sèten elèv ki te manke sèvis a konsekans reta distrik lekòl la;
- \* Chak trimès fè rapò sou pwovizyon edikasyon konpansatwa yo;
- \* Konsève fòm espesifik pou chak elèv pou ki yon demann pou entèvansyon ak sèvis referans te fêt;
- \* Mete an aplikasyon yon sistèm elektwonik pou kenbe tout done ki gen rapò ak Akò Règleman an; ak
- \* Etabli yon pwosesis siveyans entèn konfòme avèk lwa leta ak lwa federal edikasyon espesyal.

Kisa Eta a te dakò poul' fè anba Akò Règleman an?

Responsablite Eta a gen ladan yo:

- \* Kontwole ke NPS an konfòmite avèk Akò Règleman an e bay avoka plentiful yo rapò siveyans la de fwa pa ane;
- \* Remèt NPS pou jiska \$ 1 milyon dola nan depans pou edikasyon konpansatwa yo bay dapre Akò Règleman an;  
Elektwonik sistèm baz done
- \* Sètifye ke done sistè baz elektronik NPS la kòm "egzat ak fyab"; ak
- \* Avize avoka plentiful yo de nenpòt vyolasyon règleman an pa NPS tou swit aprè yo apran sa.

Pou konbyen tan ap Akò Règleman M.A. ap efèktif?

Akò Règlemanan ap an efè jiskaske tout dispozisyon ki nan lwa ta vinn reyalize, tèlke 95% konfòmite ak dat limit 20-jou ak 90-jou ki diskite pi wo a. Pou meziman ak konfòmite ka fêt, lavil Newark la divize an senk rejon. Si nenpòt rejon oswa lekòl nivo (tankou lekòl elemantè, mwayen oswa segondè) rive reyalize pwogrè konfòmite de 95% pou yon peryòd de 2-ane swivi swivi, Tribunal la ka konsidere Akò Règleman ranpli e tout kont regle ak rejon an oswa lekòl la sèlman.

## FAQ # 2

### EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKÒL PIBLIK NEWARK

#### PWOSÈ POU RÈGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

##### "Edikasyon Konpansatwa"

- Ki kalite èd elèv yo ka resevwa si NPS pa t 'ba yo sèvis edikasyon espesyal nan yon peryòd de tan awopriye?

Yon elèv ki te soufri yon reta nan resevwa sèvis edikasyon espesyal dapre dat limit 20-jou oswa 90-jou an ka resevwa "kou ratrapaj" oswa sèvis "edikasyon konpansatwa" *anplis* de sèvis ke yap' resevwa kounye a. Sèvis edikasyon konpansatwa kapab genyen ladan lè ansèyman anplis oswa lesyon patikilye pase lè regilye lekòl la (tankou nan aswè, nan wiken oswa nan ete); plis sèvis terapi pou lapawòl, okipasyonèl, oswa fizik; oswa sèvis espesyalis yo, tankou espesyalis konpòtman, konsiltan enklisyon oswa ekspè teknoloji pou ede. Edikasyon konpansatwa kapab genyen ladan tou materyèl edikasyonèl, tankou ekipman adaptasyon oswa aparèy ki bay teknoloji pou èd espesyal ke elèv la bezwen. Chak elèv endividyeòlman pral resevwa sèvis adisyonèl oswa materyèl sèlman, pa "domaj" oswa lajan kach.

- Ki moun ki pral peye pou edikasyon konpansatwa sa a?

Eta New Jersey.

- Ki kantite lajan ki disponib pou edikasyon konpansatwa sa a?

Eta New Jersey a pral peye pou jiska \$ 1 milyon dola nan depans edikasyon konpansatwa jiska fen ane lekòl 2012-2013 la.

- Ki elèv ki ap potansyèlman gen dwa resevwa edikasyon konpansatwa anba Règleman an?

Edikasyon konpansatwa potansyèlman disponib a nenpòt elèv ki te enskri nan NPS pandan ane lekòl 2009-2010 oswa 2010-2011, ak moun pou ki dat limit 20-jou oswa dat limit 90-jou pou sèvis edikasyon espesyal te manke.

- Eske paran oswa gadyen bezwen fè anyen pou yo mete pitit yo sou lis elèv potansyèlman gen dwa a edikasyon konpansatwa?

Non. NPS responsab pou konpile lis elèv ki kapab vin kalifye. Dapre Akò Règleman an, dat limit la pou mete yon lis ansanm se, 11 me 2012.

- Kijan paran yo oswa gadyen legal yo pral konnen si pitit yo potansyèlman gen dwa a edikasyon konpansatwa?

Lè paran oswa gadyen legal yo resevwa avi nan pwochen reyinyon IEP pitit yo a apre, 11 me 2012, avi a ap gen ladan yon deklarasyon ke edikasyon konpansatwa ap diskite nan reyinyon IEP a kap vini yo.

- Kisa paran oswa gadyen legal yo ka fè si yo kwè ke pitit yo gen dwa a edikasyon konpansatwa e edikasyon konpansatwa pa te mansyone nan avi a pou reyinyon IEP a?

Nan sikonstans sa yo, paran an oubyen moun ki responsab yo ta dwe notifye Ekip IEP a ke ta kapab gen yon erè ki te fèt. Si yon swivi ak Ekip IEP a pa rezoud enkyetid paran an oswa gadyen legal la, yon demann pou "medyasyon" oswa "pou mande pwosè kòmsadwa" ka fèt.

- Kisa paran oswa gadyen fè si yo pa dakò ak desizyon ki te pran sou edikasyon konpansatwa nan reyinyon IEP a?

Yon paran oswa gadyen legal kapab pa dakò avèk desizyon Ekip IEP pran daprè si pitit la gen dwa a edikasyon konpanstwa, ki kalite edikasyon konpansatwa, ou oswa sou montan edikasyon konpansatwa. Lè gen yon dezakò, paran an oswa gadyen legal kapab mande pou "medyasyon" oswa "pwosè kòmsadwa a."

- Ki sa "medyasyon" ye ?

Medyasyon se yon pwosesis enfòmèl pou rezoud yon mezantant ant yon paran oswa yon gadyen legal ak distrik lekòl la. Yon medyatè ki resevwa fòmasyon e ki peye pa leta (men pa anplwaye pa leta a, oswa distrik lekòl la) ede pati yo nan eseye jwenn yon akò, men li pa pran yon desizyon nan dispit la. Yon demann pou medyasyon dwe depoze nan Biwo pou Pwogram Edikasyon Espesyal nan Depatman Edikasyon New Jersey e nan distrik lekòl la. Pou enfòmasyon sou jan pou mande medyasyon ak fòm yo itilize a, gade *Dwa Pou Edikasyon Espesyal nan New Jersey: Yon Gid pou Konseye* (Sant Lalwa Edikasyon 2008) (paj 38 ak nan Apèndis N)

[http://www.edlawcenter.org/assets/files/pdfs/publications/Rights\\_SpecialEducation\\_Guide.pdf](http://www.edlawcenter.org/assets/files/pdfs/publications/Rights_SpecialEducation_Guide.pdf)

- Ki sa "pwosè kòmsadwa" ye?

Yon odyans pou pwosè kòmsadwa a se yon odyans fòmèl, tankou jijman devan yon Jij Dwa Administratif nan biwo Dwa Administratif New Jersey a. Pou plis enfòmasyon sou pwosè kòmsadwa ak fòm yo itilize a, gade *Dwa Pou Edikasyon Espesyal nan New Jersey: Yon Gid pou Konseye* (Sant Lalwa Edikasyon 2008) (paj 31-38 ak nan Apèndis N)

[http://www.edlawcenter.org/assets/files/pdfs/publications/Rights\\_SpecialEducation\\_Guide.pdf](http://www.edlawcenter.org/assets/files/pdfs/publications/Rights_SpecialEducation_Guide.pdf)

## FAQ # 3

### EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKÒL PIBLIK NEWARK

#### PWOSÈ POU RÈGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

##### "Lokalizasyon" ak "Idantifikasiyon" timoun ki gen andikap

- Eske NPS dwe fè efò jwenn timoun ki gen bezwen sèvis edikasyon espesyal oswa li ka konte sou demann referans pou sèvis nan men paran oswa gadyen legal oswa lòt moun?

NPS, tankou lòt distri lekòl nan tout Eta a, gen yon obligasyon legal pou l' "jwenn" ak "idantifye" timoun rezidan yo sisipèk gen andikap yo.

- Ki etap NPS dwe pran pou li jwenn timoun rezidan ki bezwen sèvis edikasyon espesyal?

Anba Règleman an, NPS dwe:

- \* Afiche "child find" avi nan jounal lokal tèke Star Ledger ak sèten jounal lang etranje;
- \* Fè emisyon "child find" pou bay enfòmasyon sou chèn televizyon li yo epi mete li sou sit entènèt li yo;
- \* Mete "child find" postè nan tout lekòl piblik e de fwa nan yon ane ranplase yo jan sa nesesè;
- \* De fwa pa yon ane poste "child find" postè ak avi lekòl Newark ki pa lekòl piblik, kòm sant gadri pou timoun, lopital, abri pou moun ki san kay ak klinik ki sèvi timoun; ak
- \* Bay "child find" fòmasyon ak asistans a pèsonèl lekòl piblik yo ak reprezantan lekòl prive yo.

- Ki sòt de fòmasyon NPS pral' bay anplwaye li yo idantifye timoun ki bezwen sèvis edikasyon espesyal?

NPS dwe:

- \* Fòme anplwaye pou yo kapab detèmine lè konpòtman ak pèfòmans akademik yon elèv endike yon bezwen pou sèvis edikasyon espesyal;
- \* Fòme anplwaye sou kòman yo fè yon rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal; ak

\* Devlope yon "dokiman referans rapid" sou sijè sa yo epi distribye li nan tout fòmasyon anplwaye ak nan tout lekòl epi mete li sou sistèm nan entranèt NPS.

NPS gen yon responsablite jwenn timoun ki gen andikap ki pa nan lekòl leta?

Wi. NPS yo dwe fwa pa ane rankontre ak reprezantan lekòl prive pou l' bay yo èd ak enfòmasyon konsènan lokasyon ak plasman timoun ki gen andikap.

Eske NPS dwe bay rapò sou pwogrè li nan lokalize epi idantifye timoun ki gen andikap?

Wi. Dapre Akò Règleman an, NPS dwe bay yon "Lokasyon / Idantifikasyon Rapò" a Eta a ak a avoka plentif yo nan fen chak ane lekòl.

## FAQ # 4

### EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKÒL PIBLIK NEWARK

#### PWOSÈ POU RÈGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

##### Deman Konfòmite ak Rapò

- Ki jan pou yon paran oswa yon gadyen legal konnen si NPS konfòm yo ak règ dat limit 20-jou ak 90-jou ki nan lwa Eta?

NPS dwe rapòte sou pousantaj konfòmite li yo ak dat limit 20-jou ak 90-jou chak sis mwa. Rapò Konfòmite yo ap bay a tou Eta a ak avoka plentif yo vè 31 Jiyè ak 15 fevriye chak ane. Rapò 31 Jiyè yo dwe gen ladan yon "Plan Aksyon Korektif" pou amelyore tan konfòmite a. Manm piblik la gen dwa mande kopi dokiman sa lè yo depoze yon demann ak Eta a, oswa avèk NPS daprè Lwa sou Dosye Piblik. Fòm demand dokiman Eta a disponib nan: <http://www.state.nj.us/education/opra/>. Pou fòm dokiman NPS la ou kapab rele NPS nan 973-733-7139.

- Kisa yon plan aksyon korektif?

Yon plan aksyon korektif ("CAP") oblige fet nenpòt lè Rapò Konfòmite 31 Jiyè a endike ke NPS echwe pou pou reyalize 95% konfòmite avèk dat limit 20 jou oswa 90-jou pou ane akademik anvan an. Pou nenpòt reydon nan distrik lekòl la ki echwe reyalize konfòmite nan yon ane akademik, NPS dwe espesifye nan yon plan CAP ki sa li pral fè pandan ane lekòl pwochen an pou li amelyore tan konfòmite a. NPS dwe bay avoka plentif yo ak leta bwouyon plan li fè a. Eta a dwe apwouve bwouyon rapò yo, epi li dwe ensiste sou chanjman kap fèt bwouyon plan yo. Avoka plentif yo gen dwa pou fè objeksyon kont nenpòt plan CAP, e Akò Règleman etabli pwosedи pou rezoud konfli nan konsiderasyon plan yo, ak aksyon nan tribinal disponib nan avoka plentif yo kòm yon dènye rekou.

- Ki lòt rapò ak dokiman NPS dwe bay?

Anplis de Rapò Konfòmite ak Plan aksyon korektif, NPS dwe bay avoka plentif yo ak Eta a:

\* Yon rapò chak ane (avan 31 Jiye chak ane) de etap NPS te pran pou li jwenn epi idantifye timoun ki gen andikap nan ane lekòl anvan an;

\* Yon rapò (avan 27 jen 2012) ki dokimante ke NPS te etabli yon pwosesis siveyans entèn ou adrese konfòmite avèk lwa sou edikasyon espesyal la ak dekri pwosesis siveyans entèn nan; ak

\* Yon lis elèv nan ane lekòl 2009-2010 ak 2010-2011 pou ki dat limit la 20 jou oswa 90-jou te rate (avan 11 me 2012).

NPS dwe ranpli epi kenbe fòm espesifik (fòm Revizyon Pwosedi Ekip Sèvis Entèvansyon ak Referans) pou chak elèv pou ki yon demann konsènan rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal te fèt.

## FAQ # 5

### EDIKASYON ESPESYAL LEKÒL PIBLIK NEWARK

### PWOSÈ TRIBINAL RÈGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

#### Obligasyon Kontwol

- Ki moun ki responsab pou fè swivi konfòmite NPS ak obligasyon li yo anba Akò Règleman an?

Eta New Jersey a, atravè Biwo Edikasyon Espesyal Depatman Edikasyon a, chaje avèk kontwol aplikasyon ke NPS fè de obligasyon li yo anba Règleman an. Madmwazèl Priscilla Petrosky, yon ansyen administratè lekòl, te deziye pa plentif yo, Eta a ak NPS kòm Ofisyen Responsab Konfòmite Edikasyon espesyal ki gen responsablite ultim pou siveyans sa yo.

- Ki responsablite siveyans espesifik enpoze sou Eta a pa Akò Règleman an?

Eta a dwe:

- \* Bay yon Rapò Siveyans NPS a avoka plentif yo nan 60 jou apre NPS depoze chak Rapò Konfòmite ki detaye ki jan li verifye presizyon enfòmasyon ki nan Rapò Konfòmite a;
- \* Apwouve chak plan aksyon korektif ki te pwopoze pa NPS (e li kapab mande pou chanjman nan plan aksyon korektif yo fèt anvan li apwouve yo);
- \* Bay kopi tout desizyon li yo ak chanjman li pwopoze yo ki gen rapò ak plan aksyon korektif a avoka plentif yo; ak
- \* Kontwole ke NPS konple fòm Revizyon Pwosedi Ekip Sèvis Entèvansyon ak Referans pou chak elèv pou ki yon demann pou entèvansyon ak sèvis referans te fèt pa pran yon echantyon 5% nan dosye elèv yo.

- Kisa Eta a dwe fè nan evènman ke NPS pa konfòme li avèk Akò Règleman an?

Anplis enpoze yon plan aksyon korektif kòm diskite pi wo a, yon fwa Eta a vin okouran de nenpòt ka ki pat' konfòm avèk Akò Règleman an, li dwe imedyatman pote sa a atansyon avoka plentif yo. Eta a gen dwa tou pou li dirije ke NPS depanse lajan ke li te resevwa nan men Eta a pou rezon ki gen rapò ak konfòmite avèk Akò Règleman an.

Eske NPS gen responsabilite siveyans?

Wi. NPS dwe etabli yon pwosesis siveyans entèn pou adrese konfòmite avèk lwa Federal sou edikasyon espesyal ak dwe rapòt bay Leta a sou pwosesis sa a vè 27 Jen 2012. NPS dwe etabli egalman yon sistèm elektwonik pou anrejistre done konfòmite yo.

Ki wòl avoka plentif yo genyen nan kontwole konfòmite NPS avèk Akò Règleman an?  
Avoka Plentif yo pral resevwa ak revize:

- \* Rapò konfòmite ak plan aksyon korektif ki soumèt pa NPS;
- \* Kontwole rapò yo ak reparasyon nan Plan aksyon korektif ki soumèt pa Eta a;
- \* Kontwole rapò anyèl NPS selon mezi li pran pou li jwenn epi idantifye timoun ki gen andikap pandan ane lekòl anvan an;
- \* Kontwole rapò NPS konsènan pwosesis siveyans entèn li dwe devlope pou konfòmite avèk lwa sou edikasyon espesyal; ak
- \* Kontwole lis NPS fè de elèv yo ki kapab vin kalifye pou edikasyon konpansatwa.

Avoka plentif yo kapab fè objeksyon kont okenn dispozisyon plan aksyon korektif oswa modifikasyon kòm byen ke a nenpòt kisa yo jwenn nan yon Rapò Siveyans Eta a. Akò Règleman-an bay pwosedi pou rezoud konfli sou zafè sa yo, ak aksyon nan tribinal ki disponib kòm yon dènye rekou.

Avoka plentif yo kapab tou gen aksè a done ki nan dosye NPS yo sou demann.

## FAQ # 6

### EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKÒL PIBLIK NEWARK

#### PWOSÈ POU RÈGLEMAN AKSYON KOLEKTIF

##### Ranfòsman Akò Règleman an

- Ki wòl avoka plentif yo nan ranfose règleman an?

Avoka plentif yo pral resevwa ak revize kopi rapò ki te ranpli pa NPS ak Eta a anba Akò Règleman an. Leta a dakò tou pou li enfòme avoka plentif yo le pli vit ke li vin okouran de okenn ka kote NPS pa konfòme yo ak règ Akò a.

Malgre ke pwosè a kont NPS te regle, avoka plentif yo kontinye reprezante enterè elèv Newark ki gen andikap pou tèm Règleman an epi yo ka pote yon aksyon nan tribinal si NPS oswa Eta an neglige satisfè obligasyon yo. Avoka yo te dakò, sepandan, pou yo fè yon efò bon fwa pou rezoud nenpòt pwoblèm ki gen ak respekte Règleman atravè reyinyon ak chita pale avèk NPS ak Eta a anvan ou ale nan tribinal la.

- Kisa yon paran oswa yon gadyen legal oswa lòt manm nan piblik la ka fè pou asire ke NPS ak Eta a konfòme a Akò Règleman an?

Paran an oswa gadyen an oswa lòt manm nan piblik la ka pwopaje enfòmasyon, tèlke:

- \* Dirije paran oswa gadyen legal timoun ke yo sisplèk gen andikap vè enfòmasyon "child find" ki nan postè oswa piblisite jounal oswa sou estasyon televizyon NPS oswa sou sit entènèt;
- \* Enfòme paran oswa gadyen legal de dat limit 20-jou ak 90-jou ke NPS oblige swiv lè yon demann pou entèvansyon ak referans fè, epi
- \* Enfòme paran oswa gadyen legal edikasyon konpansatwa NPS la oblige bay elèv yo ki te afekte pa echèk anvan NPS nan dat limit ki 20-jou ak 90-jou.

- Kisa paran oswa gadyen legal oswa lòt manm nan piblik la ka fè si yo vin okouran de yon sitiyasyon ki endike yon vyolasyon posib nan Akò Règleman an?

Paran an oswa gadyen legal oswa yon lòt manm nan piblik la kapab:

- \* Rapòte vyolasyon posib la bay Ekip IEP pitit yo a, si

apwopriye;

\* Kontakte "moun ki deziyen" pou NPS yon fwa moun sa deziye, epi, anvan sa, kontakte Sipètentandan NPS la nan 973-733-7334;

\* Kontakte Ofisyé Responsab Konfòmite pou Aksyon Kolektif Edikasyon Espesyal M.A., Priscilla Petrosky, nan 973-621-2750, oswa

\* Kontakte Sant Lwa Edikasyon, youn nan avoka plentif yo, nan  
[elc@edlawcenter.org](mailto:elc@edlawcenter.org) oswa 973-624-1815 (vwa); 973-624 - 4618 (TDD).